

Deklarasyon sou Enpak Ekite: Rekonsepsyon Lekòl Segondè

Tit: REKONSEPSYON LEKÒL SEGONDÈ

Dat: 26 Janvyè 2022

Èske yo te itilize [Racial Equity Planning Tool](#) la? Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Pwojè Rekonsepsyon Lekòl Segondè a vize ogmante rigè ak opòtinite aprantisaj avanse pou elèv ki istorikman mal desèvi yo ak majinalize. Sa pral kreye divès plas nan sal klas wot kalite, kè kontan nan sèt lekòl segondè, nan mete aksan pou SY 2022-23 sou lekòl ki angaje nan Faz 2–English High School, Burke High School, Brighton High School, King School, ak Trotter School se lekòl K-8èm ki pral tounen K-6èm ane. Lekòl sa yo pral fikse divès objektif espesifik pou elimine eka opòtinite ak reyisit yo, espesyalman pou elèv Nwa yo, Latino yo, ak Azyatik yo, menm jan ak aprenan anglè yo, elèv ki andikape yo, ak lòt popilasyon ki istorikman mal desèvi yo.</p> <p>Pwopozisyon sa gen ladan l divès rekòmandasyon pou chanje English, Burke, ak Brighton High Schools de 7èm jiska 12èm ane; chanje King ak Trotter de klas kindè jiska 6èm ane; epi plase Charlestown High School, McKinley K-12, ak Madison Park High School an estati entèvansyon pou anviwònman lekòl. Tout lekòl ki nan kowòt sa pral kreye yon aksè epi pral elimine obstak yo pou elèv nou yo ki pi vilnerab yo nan akselere aprantisaj. Pwosesis Rekonsepsyon Lekòl Segondè a dirije pa Doktè Lindsa McIntyre (Afwo-Ameriken) ak Doktè Elia Bruggeman (Latino, ansyen aprenan anglè) avèk kolaborasyon plizyè entèvenan ki refleto tou divèsite popilasyon elèv BPS la.</p> <p>Prezantasyon sa pral gen ladan l yon entwodiksyon ak pwosesis la pou bay a chak elèv yon edikasyon de kalite garanti, ki gen ladan l etid yo, anrichisman, enstalasyon amelyore yo, epi sipò pou elèv yo ak pou fanmi yo. Tout elèv lekòl segondè yo pral gen aksè ak Core Four:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Plasman Pre-Avanse ak Plasman Avanse 2. Bakaloreya Entènasyonal 3. Premye Fakilte ak Doub Enskripsyon 4. Fòmasyon Karyè ak Teknik <p>Rekonfigirasyon klas yo pral elaji eksperyans de kalite ak pakou previzib pou tout elèv yo, epi pral pèmèt mwens tranzisyon nan pase ak yon modèl K-6èm/7èm-12èm oubyen K-8èm/9èm-12èm. Rekonsepsyon an pral dewoule pa faz pou redui enpak COVID sou kominote lekòl yo. Avèk mizan-èv MassCore,</p>

	<p>elèv yo pral benefisye yon aprantisaj baze sou divès nòm epi pral gen plis opòtinite pou angaje nan aktivite paraskolè yo, tankou espò, atizay vizyèl, mizik, teyat ak eksplorasyon karyè.</p> <p>Pwosis Entèkansyon an nan Charlestown, Madison Park, ak McKinley pral enkli konstitisyon yon ekip entèvenan, aplifikasyon vwa yo, yon analiz sibler chak pwogram lekòl, epi travay ansanm pou asire elèv yo ak edikatè yo jwenn sa yo bezwen. Rekòmandasyon entèkansyon pou amelyorasyon lekòl yo pral rive fèt ak Sirentandan alawit de pwosis revizyon de kalite a.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Rekonsepsyon Lekòl Segondè entansyonèlman alinye sou <i>Angajman ak Priyorite</i> BPS yo, kòm endike nan Plan Estratejik la, avèk yon konsantrasyon sou Angajman 1 - Elimine Eka Opòtinite ak Reyisit yo 1.9; Angajman 2 - Akselere Aprantisaj 2.1; Elaji Opòtinite yo 4.4; ak Aktive divès Patenarya 6.3.</p>
<p>3. Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Aprè analiz done sou rezilta akademik yo pou lekòl segondè BPS yo, twa lekòl polivalan Faz Rekonsepsyon Lekòl Segondè sa te rive chwazi sou baz bezwen pou ogmante kalite pou elèv nou yo ki pi majinalize, lokal ki nan divès katye Boston, ak bon tay pou akeyi elèv lekòl pre-segondè yo nan ekspansyon an soti nan 9èm-12èm rive 7èm-12èm.</p> <p>Nou te bay priyorite ak East Boston e ak Charlestown pou Faz 1 Akoz de espas fizik disponib pou ajoute 7èm ak 8èm ane akoz de fèmti Edwards Middle School. Priyorite pou Faz 2 a se pou ajoute 7èm ak 8èm ane nan Burke, English ak Brighton baze sou preparasyon, ak bezwen pou ajoute eksperyans rigè ak kalite pou elèv 7èm ak 8èm ane yo soti nan King ak Trotter.</p> <p>Done ki itilize pou objektif sa kapab konsilte nan dyapozitif 17 Prezantasyon Komite Lekòl la. Done yo rezime ke genyen divès popilasyon elve Nwa, Latino, Aprenan Lang Anglè, Elèv ki Andikape ak elèv ki defavorize ekonomikman yo. Done yo sigjere anplis ke tout elèv yo pral benefisye aksè ak yon pwogram etid rigoure baze sou to elèv ki pran diplòm.</p>
<p>4. Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Pandan pwosis Rekonsepsyon an antye, nou te kreye divès opòtinite ekitab pou fè tandè ak anplifye vwa divès entèvenan. Travay sa gen ladan l patisipasyon divès chèf etablisman ak direktè nan yon Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl (PLC) nan efò rekonsepsyon yo. PLC a gen ladan l tou pèsone Build BPS, planifikasyon ak analiz, manm ekip egzekitif distri a, ak lòt entèvenan yo.</p> <p>Divès reyinyon pou rekeyi divès kòmantè te rive fèt Sit English High School (EHS) nan dat 6/12/21 ak 6/01/22; Irving Middle School Family Open House nan dat 20/12/21 ak 4/01/22; EHS Open Community Meeting nan dat 18/01/22; ak nan reyinyon pèsone lekòl yo nan Brighton, Burke, Madison Park, Trotter ak King. Divès Tab Wonn sou Ekite Nan Lekòl Segondè yo te anplwaye pou angaje tout vwa yo nan pwosis priz desizyon an. Paran yo, manm</p>

	<p>kominote yo epi elèv yo te poze plizyè kesyon konsènan òf lekòl yo, pakou yo ak tip sèvis ki disponib pou bezwen espesyal elèv yo ak Aprenan Anglè yo. Repons ki soti nan bouch administratè lekòl la te pozitif ak afimativ. Reyinyon sou planifikasyon Biwo Santral yo te gen ladan yo divès manm Biwo Edikasyon Espesyal, Aprenan Anglè, Biwo Enskripsyon, Bidjè, Etid Akademik, Angajman, ak Lekòl Segondè, menm jan ak Konsèy Konsiltatif Elèv Boston nan, patnè fakilte ekstèn yo ak pwofesyonèl yo, ak lidèchip Boston Teachers Union yo.</p>
<p>5. Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>Rekonsepsyon Lekòl Segondè santrè sou divès estrateji pou ekite rasyal ki aline ak <i>Angajman ak Priyorite</i> BPS ki dekri nan Plan Estratejik la.</p> <ul style="list-style-type: none"> • <i>Elimine Eka Opòtinite ak Reyisit</i> nan kreye kondisyon pou rezilta elèv ekite ak ekselan. Rekonsepsyon an pral mete an èv rigè atravè Core 4, nan kreye yon pi gwo aksè ak opòtinite aprantisaj avanse pou elèv ki te mal reprezante yon jan dispwopòsyone yo. Yon konsekans envolontè pral gen ladan l nouvo tranzisyon pou elèv pre-segondè yo. • <i>Akselere Aprantisaj</i> nan kiltive yon rekonfigirasyon 7èm-12èm ane pou ofri pi gwo resous ak elèv pre-segondè yo ak segondè yo. Resous sa yo pral gen ladan yo pwogram Exploratory Pathway yo pou elèv pre-segondè yo, epi te ogmante opòtinite Pathway yo pou elèv segondè yo nan tout 3 lekòl yo. • <i>Anplifye tout Vwa yo</i> gras ak ogmante patenarya ak elve vwa tout konstitiyan yo. Travay rekonsepsyon an pral elaji patenarya nou yo pou entegre fakilte ak pwofesyon, espò, atizay, lang patrimonyal, ak Syans, Teknoloji, Enjenyeri, Atizay, ak Matematik. • <i>Kiltive Konfyans</i> gras ak angajman yon pèsònèl atansyon ak konpetan ki reflete elèv nou yo epi ki konsantre sou lidèchip nan sèvis objektif transfòmasyon yo. Pwosesis Rekonsepsyon an pral gen ladan l opòtinite kontini Tab Wonn sou Ekite. Anplis de sa, nou pral angaje nan yon Devlope Pwòp Edikatè Nou ki reflete divèsite ekolye nou yo atravè angaje Pwogram Teacher Cadet a. Konsekans envolontè yo nan domèn sa t'ap gen ladan yo pèt relasyon ki te konstui pou elèv klas 7èm ak 8èm avèk pwofesè e ak kominote yo nan lekòl K-8èm aktyèl yo. Kominote lekòl segondè yo ki resevwa elèv yo dwe konstui nouvo opòtinite pou devlopman ak konfyans nan relasyon yo.
<p>6. Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman ekzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip ekzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Manm Biwo Bigjè yo pral detèmine kou rekonfigirasyon sa nan mwa k'ap vini yo epi chak lekòl pral dispoze yon òganizasyon pwobab adisyonèl pou fè fas ak tout kou adisyonèl ki lye ak elèv yo, founiti yo, ansèyman ak lòt resous tankou enstalasyon yo.</p> <p>Sirentandan Lekòl Segondè yo ki ap dirije mizan-èv inisyativ Rekonsepsyon Lekòl Segondè se reprezantan kominote Nwa yo ak Latino yo, epi pral pote yon pèspektiv ekite koyeran.</p>
<p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral</i></p>	<p>Depatman Ansèyman Primè ak Segondè gen ladan yo kou avanse kòm mezi responsablite sou tout pwofil lekòl yo. Konsa, mizan-èv Core 4 la pral avantaj pou rapò sou Responsablite Lekòl la. Pou amelyore ansèyman epi asire tout elèv yo jwenn aksè ak pwogram nivo klas yo, nou pral santrè sou rezita yo gras ak yon Sistèm Sipò Milti-Nivo, lidèchip pedagojik, ak priz desizyon baze sou</p>

<i>responsab?</i>	<p>done yo. Rezilta yo pral swiv pa mwayen divès Evalyasyon Mezi Pwogrè Apwopriye ak divès Done Panorama. Refleksyon, entèkansyon ak koreksyon trajektwa yo pral rive fèt pandan tout mizan-èv Rekonsepsyon an. Nou pral kontinye kominikasyon avèk entèvenan yo atravè divès reyinyon avèk chèf etablisman yo, divès Tab Wonn sou Ekite, angajman fanmi yo ak elèv yo, devlopman pwofesyonèl, ak sipèvizyon endividyèl ak an gwoup, itilizasyon divès done pou eklere pratik la.</p> <p>Responsabilite travay sa pral gen ladan l divès pwofesè, chèf etablisman yo, ak sirentandan lekòl yo, epi rapò sou pwogrè regilye yo pral rive founi ak Komite Lekòl la.</p>
-------------------	---